

## Fich Enfòmasyon # 2: Etablisman Restoran ak Fasfoud Selon Lwa sou Nòm Travay Ekitab la (FLSA: Fair Labor Standards Act)

Fich enfòmasyon sa bay jeneral enfòmasyon konsènan aplikasyon [FLSA](#) a pou travayè etablisman restoran ak fasfoud yo.

### Karakteristik yo

Sektè restoran/fasfoud la enkli etablisman ki angaje yo prensipalman nan vann ak sèvi achtè manje ki prepare ak bwason pou konsomasyon nan lokal yo oswa deyò lokal yo.

### Asirans

Biznis restoran/fasfoud ki gen vant bri nan yonn oswa plis etablisman ki egal a omwen \$500,000, sijè a FLSA a. Epi tout moun k ap travay oswa k ap jere machandiz k ap sikile nan komès ant eta sijè a pwoteksyon [salè minimòm](#) ak [lè siplemantè](#) FLSA a. Pa egzanp, yon sèvez oswa yon kesye k ap jere yon tranzaksyon kat kredi ta siseptib pou l sijè ak Lwa a.

### Egzijans yo

[Salè Minimòm](#): Travayè, ki pa egzonera ki kouvri yo gen dwa a yon [salè minimòm](#) \$7.25 pa è ki anvigè 24 Jiyè 2009 Salè yo dwe peye nan jou pèman regilye a pou peryèd pèman yo kouvri a. Dediksyon ki fèt pou atik tankou lajan manke nan kès, inifòm yo egzije, oswa retrè kliyan yo ilegal si dediksyon an diminye salè travayè a pi ba ke[salè minimòm](#) oswa koupe pèman lè siplemantè a. Dediksyon ki fèt pou atik ki pa pansyon, lojman oswa lòt enstalasyon yo rekonèt nòmalman pa ka fèt nan lè siplemantè yon semèn travay. Tep yo ka konsidere kòm yon pati nan salè yo, men mèt travay la dwe peye pa pi piti ke \$2.13 pa è nan salè dirèk epi asire yo ke montan tep ki resewva a ase pou kouvri diferans [salè minimòm](#) nan.

Kredi Manje: Mèt travay la ka pran kredi pou manje yo bay ki peye. Se tipikman yon [dediksyon pa è](#) sou pewòl yon anplwaye. Men, anplwaye a pa ka pran kredi pou diskont li bay a anplwaye yo sou pri manje (menu).

[Tep yo](#): travayè ki touche tep se sa yo ki resewva dabitid epi regilyèman plis pase \$30 pa mwa nan tep. Yo dwe enfòme anplwaye a dabò si mèt travay la chwazi pou itilize yon kredi tep, montan kredi tep pou reklame a, e mèt travay la dwe kapab montre ke travayè yo resewva tep pou omwen [salè minimòm](#) ki anvigè a lè salè tep konbine. Travayè yo dwe kenbe tou, tout tep yo, sof nan ka yo patisipe nan yon tep ki valab ankommen aranjman oubyen nan yon aranjman pou pataj.

[Lè Siplemantè](#): Yo dwe peye lè siplemantè nan yon tarif omwen yon fwa edmi tarif pèman regilye travayè a pou chak lè li travay nan yon semèn travay ki depase maksimòm yo otorize nan yon kalite travay. Travayè ki touche tep ki resewva \$2.13 pa è nan salè dirèk yo sijè tou a lè siplemantè a yon fwa edmi [salè minimòm](#) ki anvigè a, se pa yon fwa edmi \$2.13.

[Salè Minimòm Jèn Moun](#): Amandman 1996 nan FLSA a pèmèt mèt travay yo peye yon salè minimòm nèn moun ki pa pi piti ke \$4.25 pa è a travayè ki gen pi piti pase 20 tan pandan premye 90 jou kalandriyel

konsekitif yo apre anbochman inisyal pa mèt travay la yo a. Lwa a genyen sèten pwoteksyon pou travayè ki entèdi mèt travay la yo revoke travayè ayo e ranplase pa yon lòt jèn noun.

### **Travay Jèn Moun**

Jèn moun 14 ak 15 zan ka travay nan lè ki pa lè lekòl yo nan divès djòb ki pa gen danje ladan yo sèlman selon kondisyon sa yo: pa plis ke 3 zè nan yon jou lekòl, 18 tè nan yon semèn lekòl, 8 è nan yon jou ki pa jou lekòl, oswa 40 nan yon semèn ki pa semèn lekòl. Epitou, travay la ka pa kòmanse a 7 è a.m., ni fini apre 7 è p.m. sof apati 1 jwen lè Fèt Travay la, lè apre midi yo pwolonje jiska 9 p.m. Ki pèmèt gen okipasyon pou travayè 14 ak 15 zan yo ki enkli sa yo ki kesye, travay biwo/faktè, anbalaj, travay netwayaj, netwayaj legim alamen, elatriye. Kwizin ak patisri pa ka fèt pa minè ki gen mwens ke 16 zan jeneralman.

Jèn moun 16 ak 17 tan ka fè nenpòt travay ki pa gen danje ladan I, pou lè ki pa limite. Egzanp ekipman yo deklare danjere nan restoran yo enkli machin a motè pou netwaye vyann yo (si, machin pou fòme pat, bwayaj, machin pou rache oswa pou tranche), malaksè komèsyal ak kèk machin boulanri a motè. Yo pa pèmèt anplwaye ki gen mwens ke 18 tan alimante, mete anplas, ajiste, repare oswa netwaye machin sa yo. Jenerelman anplwaye ki gen mwens ke 18 ka kondwi oswa sèvi kòm èlpè ekstèn sou yon veyikil a motè sou yon wout piblik; men anplwaye 17 tan ki reponn a sèten egzijans presi ka kondwi otomobil ak kamyon ki pa depase 6,000 liv kòm pwa bri veyikil la pou kantite tan ki limite kòm pati nan travay yo. Men yo entèdi minè sa yo, fè livrezon ki delika (tankou livrezon pitza oswa lòt vwayaj kote tan esansyèl) epi kondwi lanwit.

### **Pwoblèm Tipik yo**

Si anplwayè a egzije inifòm depans inifòm nan konsidere kòm yon depans nan biznis anplwayè a. Si anplwayè a egzije anplwaye a sipòte depans lan, depans sa ka diminye salè travayè a pi ba pase salè minimòm nan oswa koupe konpansasyon pou lè siplemantè a.

**Egzonerasyon nan Pèman Lè Siplemantè:** Atik 13(a)(1) FLSA a prevwa yon egzonerasyon nan egzijans monetè FLSA pou travayè k ap travay nan fonksyon egzekitiv, administratif oswa pwofesyonèl efektif oswa kòm yon vandè ekstèn. Yon travayè ap kalifye pou egzonerasyon si yo pase tout tès pètinan ki lye ak travay, responsabilite ak salè, ki tabli nan Règleman 29 CFR Part 541 yo. Tès salè ak tach pou egzonerasyon yo dekri konplètman nan Pati Règleman 541 an.

### **Kote pou Jwenn Lòt Enfòmasyon**

**Pou plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt Divizyon Salè ak Lè a (Wage and Hour Division): <http://www.wagehour.dol.gov> epi/oswa rele liy enfòmasyon ak asistans gratis nou an, ki disponib de 8 è a.m. jiska 5 è p.m. nan fizo orè ou a, 1-866-487-9243.**

Piblikasyon sa se pou enfòmasyon jeneral e yo pa dwe konsidere I nan menm fason ak deklarasyon pozisyon ofisyèl ki genyen nan règleman sa yo.

**Department of Labor**

Frances Perkins Building  
200 Constitution Avenue, NW  
Washington, DC 20210

**1-866-4-USWAGE**

TTY: 1-866-487-9243  
[Contact Us](#)